



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ANPECHE KRIYOTE SOU
CHEVAL, NAN JOUNEN CHEVAL LA**

Lejislasyon S.2163B/A.5109A entèdi abataj cheval pou konsomasyon

Lejislasyon S.1677A/A.3552A ogmante amand pou vant cheval ekide ki andikape

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou anpeche kriyote sou cheval pou rekonèt Jounen Nasyonal Cheval la. Lejislasyon S.2163B/A.5109A a entèdi abataj cheval pou konsomasyon moun oswa zannimo. Lejislasyon S.1677A/A.3552A a ogmante amand pou vant cheval ekide ki andikape.

"Apeprè 20 ane de sa, Kongrè Ameriken an te deklare dat 13 desanm kòm Jounen Nasyonal Cheval," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Isit la nan New Yor, n ap sezi okazyon sa pou siyen nouvo lwa pou abòde pwoblèm kriyote sou bèt la ak maltretans cheval yo nan eta a."

Lejislasyon S.2163B/A.5109A a entèdi abataj cheval pou konsomasyon moun oswa zannimo pa moun oswa antrepriz.

Senatè Eta a, Joseph P. Addabbo te deklare, "Jodi a, pandan n ap selebre Jounen Nasyonal Cheval la, se yon opòtinite pou reflechi sou enpak ekonomik enpòtan, istorik ak kiltirèl ke cheval te genyen sou sosyete nou an. Nan lonè jounen espesyal sa, mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul ap ratifye de pwojè lwa mwen yo ki te gen objektif pou epaye bèt mayifik sa yo kont kriyote. Premye pwojè lwa a, S.1677A, ranfòse penalite ak amand ki apwopriye pou vant cheval ki andikape ak vant ozanchè yo epi ogmante pwoteksyon sa yo pou milèt ak bourik yo. Dezyèm pwojè lwa a, S.2163B, a entèdi abataj cheval pou konsomasyon moun ak zannimo alafwa. Bèt sa yo, ke yo rekonèt pou kontribisyon yo nan travay, agrikilti, lwazi, transpò, ak divès lòt objektif, merite pou yo rete yo ak pi gran swen, epi mwen rejwenn Gouvènè Hochul pou abòde bezwen pwoteksyon cheval yo ak enpòtans koz sa, ki enkli fen abataj cheval ak prevansyon kriyote kont zannimo."

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, "Mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa mwen an ki bani vant, acha, oswa transpò cheval pou objektif abataj pou konsomasyon moun. Lejislasyon sa ke m te travay sou li pandan 19 an pou vin lwa,

jodi a se yon gran jou pou Eta New York ak pou cheval yo ki merite sa ki pi bon ke desten anpil nan yo te fè fas nan tan pase. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li a lejislasyon imanité ki enpòtan anpil sa".

Lejislasyon S.1667A/A.3552A mete amand yo ajou pou vant cheval ki andikape nan vant ozanchè yo. Lejislasyon sa elaji tou lwa pou pwoteje milèt ak bourik yo. Amand aktyèl pou vant bèt sa yo se sèlman 5 dola epi li pa t janm ajou depi 1965.

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare,"Nan Jounen Nasyonal Cheval la, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa nou an pou ranfòse penalite epi ogmante amand pou vant cheval Ekide. Chak ane, plizyè milye vant ozanchè cheval fèt nan Etazini, ki atire kiltivatè, pwopriyetè ranch, pwopriyetè cheval lwazi, operatè ekiri epi malerezman - moun k ap achte pou abatwa. Yo pa t mete vyolasyon kounye a pou vant ozanchè yo aksepte cheval yo abize oswa neglije yo ajou depi 1965 epi sa, li rete a yon amand 5 dola sèlman. Yon montan mizerab konsa pa aji kòm yon mwayen pou dekouraje yo retire bèt ki malad oswa blese yo. Nou te oblije fè pi byen ke sa!"

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)